




## KONEKSYON

### KWEN SIPÈ-ENTANDAN AN

Bonjou kominote PPSD a, epi byenvini nan bilten enfòmasyon (chak semèn/chak de fwa pa semèn) nou an! Amelyorasyon komunikasyon nan Distri a se yon priyorite esansyèl pou mwen, kidonk mwen vle w resevwa Mizajou souvan konsènan politik nou yo, aprann konnen manm pèsònèl ekstrawòdinè nou an pi byen, gade kèk gran bagay k ap pase nan lekòl nou yo, epi rete okouran de pwochen rankont ak evènman yo.

Mwa Mas la te déjà ranpli ak bèl nouvèl nan PPSD, men youn nan Mizajou favori mwen yo konsènan rekritman. Paske konstriksyon ak konsèvasyon yon ekip edikatè ki konpetan enpòtan anpil pou reyisit nou, mwa sa a nou te ogmante efò nou yo pandan n ap afiche pòs travay yo pi bonè pase jan nou te konn fè sa. Mwen kontan anpil pou anonsé ke nou te déjà rekrite 16 edikatè pou pòs ki difisil pou rekritman yo pou pwochen ane lekòl la.






**DR. JAVIER MONTAÑEZ**  
Sipè-entandan Pwovizwa

Epitou PPSD ap bay amelyorasyon sipò pou aktyèl manm pèsònèl nou yo ak nouvo anbasadè pwofesè yo nan chak batiman epi jiska \$8,000 pa pwofesè nan sètifikasyon ESL yo a. Epitou mwen te rekrite pou plizyè pòs nan kabinè lidèchip mwen an, epi mwen kontan anpil pou wè ekip sa a kòmanse travay. Ou ka chèche konnen ekip lidèchip mwen an [isit la](#).

### SELEBRE ELÈV YO

Elèv ki genyen talan ak elèv nou genyen ki travay anpil yo ap fè kèk bagay ekstrawòdinè chak jou! Men kèk egzanp.



#### CHESS CHAMPS

Ekip Echèk nan Classical High School la te ranpòte Chanpyona Echèk Eskolè 2022 R.I. nan Eta a pandan mwa sa a. Yo prale kounya nan Tounwa Nasional Lekòl Segondè Etazini an nan Memphis nan mwa pwochen! **Central High School** te twazyèm han evènman an. Felisitasyon pou tout elèv nou yo!

#### PWEZI AWOTVWA

Felisitasyon pou **Mariama Bandabaila, nan Classical High School** (foto agoch la), ki vin finalis Eta a, epi felisitasyon pou Johanny Duran, nan **Central High School, ki klase diyèm nan 17** yém konkou anyel résitasyon pwezi awotvwa nan lekòl Segondè yo nan Tout Eta a nan Dimanch 6 Mas la.

#### MÈT NAN WOBOTIK

Felisitasyon pou ekip **Mount Pleasant High School Robotics** la paske yo te ranpòte 2 yém plase nan Chanpyona RI FIRST Tech Challenge 2022 a nan NE Institute of Technology! Epi felisitasyon pou jinyò **Andreina Sanchez** paske li te enskr'i sou lis dwayen an pou lidèchip ak angajman eksepsyonèl li!



### PWEN ESANSYÈL MANM PÈSONÈL LA

Chèche konnen moun ekstrawòdinè yo k ap travay avèk elèv nou yo chak jou!

#### Amy Mello Messenger, LICSW

Kowòdonatè Sibvansyon pou Project AWARE  
Sitiye nan: Fortes Lima Elementary  
Te Rejwenn PPSD nan lane: 2015

#### Kijan ou t ap dekri wòl ou nan PPSD?

Mwen kowòdone de gran sibvansyon ki sipòte sante mantal epi ki ranfòse konesans pwofesè nan Aprantisaj Sosyo-Emosyonèl (SEL) atravè developman ak fòmasyon pwofesyonèl. Sa ede elèv nou yo atenn tout potansyèl yo. Epitou mwen responsab yon sibvansyon pou sipòte rekritman ak retansyon konseye, travayè sosyal, ak sikològ eskolè ki sipòte elèv ak manm pèsònèl nou yo.

#### Ki pi bon pati nan travay ou?

Gade lè kolèg mwen yo santi yo valide epi lè yo genyen enpresyon ke yo genyen yon vwa. Sa te ankourajan anpil pou wè administratè yo, pwofesè, elèv ak paran yo, yo tout konprann kijan sante mantal enpòtan kounyeya. Mwen te wè anpil elèv k ap chèche sèvis ki kapab pa te fèt anvan pandemi a, epi sa kontribye anpil nan yon entèvansyon prekos.

#### Ki kèk fason ou te wè travay ou fè enpak sou lekòl yo ak elèv yo?

Kantite evalyasyon risk nou te reyalize yo te ogmante anpil. Nou te anmezi pou amelyore kolaborasyon ant pwofesyonèl sante mantal yo nan lekòl la. Avèk

amelyorasyon sa a, nou te anmezi pou sèvi elèv yo byen bonè, ki se yon bagay ki esansyèl pou evite yon kriz. Epitou mwen te wè pwofesyonèl ki te isit la depi 25 lane oswa plis k ap resevwa nouvo resous ak sipò. Lòt responsab travay sosyal la yo avèk mwen ap espere tou pou ede fòme lavi Distri a pandan n ap travay pou amelyore pwoesisis sou fason estajyè yo antre nan PPSD ak fason n ap travay avèk kolèj lokal yo pou kreye yon ansam talan lokal.

#### Ki bagay ou swete plis moun te konnen konsènan travay ou?

Mwen panse genyen yon ogmantasyon sansibilizasyon nan pwofondè sèvis PPSD bay yo, men mwen vle moun yo konnen ke sistemèt sipò nou yo te pote amelyorasyon odela nosyon konseye oryantasyon ki demode yo k ap bay konsèy sou karyè. Nou genyen yon pi bon konpreyansyon sou enpòtan sante mantal ak Aprantisaj Sosyo-Emosyonèl, epi nou prè pou ede!

### SE YON BÒN NOUVÈL: PPSD NAN LAPRÈS

- [Pwosesis rekritman nan Lekòl Providence yo](#)  
Aktyalite Ekonomik Providence yo, 15 Mas 2022
- [Sant dapèl pou COVID nan lang Espanyòl la disponib nan Madi swa](#)  
WPRI, 14 Mas 2022
- [Lekòl Biblik Providence yo pral komtinye itilize mask akoz fèb pousantaj vaksinasyon an](#)  
NBC 10 News WJAR, 27 Fevriye 2022
- [Lekòl Providence yo ofri bonis enskripsyon pou pwofesè yo nan pwosesis pre-rekritman an](#)  
ABC 6, 10 Mas 2022

### MAKE KALANDRIYE OU YO!

#### KONSEY KONSILATIF PARAN

Madi 12 Avril 2022

#### PASE BON VANDREDI

Vandredi 15 Avril 2022  
Pa Gen Lekòl

#### POZ PRENTAN

18 Avril 2022 - 22 Avril 2022

#### RANKONT AVÈK KOMISYON LEKÒL LA

Mèkredi 27 Avril 2022  
6:30 p.m.  
797 Westminster Street, 3rd fl, Providence

Genyen kèk bagay enkwayab k ap pase nan Distri a, epi nou vle mete tout moun okouran! Si ou genyen yon pwogram, evènman, oswa yon manm pèsònèl, oswa yon elèv ki genyen yon bél istwa ke ou ta renmen mansyone, tanpri voye yon imèl bay [communications@ppsd.org](mailto:communications@ppsd.org).

Providence  
Schools

